

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De mangrupa karya sastra Sunda dina wangun naskah drama anu kungsi jadi salasahiji naskah drama nu dipéntaskeun dina Festival Drama Basa Sunda (FDBS) ka 17 Taun 2016. Ieu naskah drama dipéntaskeun bareng jeung 7 naskah drama lianna, di antarana aya “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G Sasmita; “Dayeuh Simpé” karya Lugieana De; “Kalangkang” karya Nunu Nazarudin Azhar; “Manusia Jero Botol” karya Rosyid E. Abby; “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba; “Mojang Dua Rebuhan” karya Dadan Sutisna; jeung naskah drama “Polbakik” karya Arthur S Nalan. Naskah drama “Dayeuh Simpé” dipéntaskeun ku Teater Garnida ti STKS Bandung.

Jaman kiwari, karya sastra drama dina wangun basa Sunda kawilang saeutik upama dibandingkeun jeung wangun carpon atawa novél, kaasup drama anu dipagelarkeun. Masarakat leuwih resep kana pintonan drama jeung pagelaran ti batan naskah drama. Salasahiji naskah drama anu masih kénéh dipagelarankeun nyaéta naskah drama “Dayeuh Simpé”. Dina ieu naskah drama, loba pisan gambaran sipat manusa sarta eunteung kahirupan nu nembrak. Masalah kahirupan sarta kalungguhan karya sastra dina ngagambarkeun pasipatan manusa anu diolah sacara éstétis ngaliwatan kréativitas sarta hasilna ditépikéun ka pamaca sacara gembler.

Naskah drama, nyaéta karya sastra anu ditulis dina wangun paguneman atawa dialog jeung tujuanana pikeun pamentasan. Dina karya sastra, aya prosés kreatif manusa pikeun ngébréhkeun eusi pikiran sangkan jadi tulisan anu béda dina néangan jati dirina. Prosés kreatif ogé jadi cukang lantaran ayana prosés imajinatif atawa imajinasi sangkan tulisan miboga ajén éstetik tur miboga maksud anu tangtu. Sastra ogé mangrupa ékspresi husus anu bisa méré sawangan pasualan manusiawi, sosial, atawa intélektual Luxemburg (Koswara, 2013. kc. 4).

Nurutkeun Iskandarwasid (Koswara, 2010, kc. 115) drama nyaéta karya sastra nu midangkeun carita atawa lakon ngaliwatan paguneman nu dilalakonkeun ku pamaén (aktor) dina hiji pagelaran. Brutierre (Koswara, 2010, kc. 115) ogé

nétélakeun yén drama mangrupa cicipta karep manusa ngaliwatan akting. Luyu jeung kamandang Koswara (2010, kc. 116) yén drama mangrupa lalakon hirup manusa nu dipagelaran dina luhur panggung ngaliwatan média paguneman, gerak jeung paripolah dumasar kana naskah tinulis nu ngagunakeun latar (bisa ogé henteu), lagu, nyayian atawa tarian nu bisa disakséni ku panongton.

Wangenan drama jeung téater bisa dibédakeun jadi dua nyaéta drama minangka *text play* atawa *repertoire* ari drama mah minangka *theatre* atawa *performance*, atawa drama asup kana wilayah téater. Sakabéh drama tangtu téater (Isnendes, 2016. kc. 33), tapi sakabéh téater teu salilana asup kana drama. Téater mangrupa sagala hal anu dipintonkeun atawa dipéntaskeun dina panggung, sedengkeun drama nyaéta hiji pintonan anu dipéntaskeun dina panggung anu ngagunakeun naskah minangka média utamana.

Dina karya fiksi, karakteristik palaku ngagambarkeun kapribadian hiji jalma. Kapribadian palaku dina karya sastra saéstuna eunteung tina kahirupan nyata. Karya sastra mangrupa wangun imajinatif tina kahirupan nyata, raket patalina jeung kahirupan sosial sarta kapribadian hiji jalma. Kapribadian atawa potrét jiwa dina karya sastra anu digambarkeun ku pangarang salian ti ngawakilan jiwa pangarangna, ogé bisa jadi ngawakilan kapribadian jalma séjén. Pangarang méré karakter ka palaku dina carita ngaliwatan tinimbang anu daria, sangkan éta karakter merenah jeung diri palaku.

Kapribadian remen dipatalikeun jeung hadé goréngna paripolah hiji jalma, atawa kabiasaan goréng jeung kabiasaan alus nu sok dipilampah ku hiji jalma. Nurutkeun Sunaryo (2004, kc. 101) umumna kapribadian individu digambarkeun sacara *dikotomi*, nyaéta kapribadian anu hadé jeung kapribadian anu goréng. Kapribadian miboga harti anu lega sabab sawangan para ahli béda-béda dumasar kana hasil panalungtikan.

Psikologi sastra digunakeun pikeun nganalisis tokoh-tokoh dina drama atawa novél sacara psikologis. Tokoh-tokoh biasana mangrupa imajinasi atawa hayalan pangarang anu dina kaayaan anu jagjag atawa aya anu ngaganggu, diébréhkeun jadi karya anu éstétis. Nurutkeun Minderop (2016, kc. 15), psikologi sastra dianggap penting, sabab karya sastra mangrupa produk tina hiji kaayaan atawa kajiwaan jeung pamikiran pangarang anu diébréhkeun dina situasi satengah sadar

**An'nur Rifki Rustandi, 2022**

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA NASKAH DRAMA "DAYEUH SIMPÉ" KARYA LUGIENA DE**

**Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu**

(*subconsicitus*). Psikologi sastra téh miboga tilu aliran pamikiran, nyaéta; 1) *psikoanalisis*, nyirikeun manusa minangka wangun naluri-naluri jeung konflik-konflik kapribadian anu dibalukarkeun antara *id*, *ego*, *superego*; 2) *behaviorisme*, nyirikeun manusa minangka korban anu *fleksibel*, pasif, jeung nurut kana stimulus lingkungan; 3) *humanistik* nyaéta gambaran psikoanalisis jeung behaviorisme. Nurutkeun Koswara (Minderop, 2016. kc.9) Aliran psikologi humanistik ngébréhkeun yén manusa digambarkeunna salaku mahluk anu bébas jeung miboga martabat sarta bisa ngungkabkeun jeung ngamekarkeun kamampuh dirina kana lingkungan di sabudeureunna.

Nurutkeun Freud (dina Ratna, 2013. kc. 63) téori kapribadian umumna dibagi tilu: 1) *id* mangrupa kanyataan subjektif primer, dunia batin saacan individu miboga pangalaman ngeunaan lingkungan luar; 2) *égo* anu miboga tugas pikeun ngontrol *id*, sedengkeun 3) *superégo* eusina ngeunaan ébréhan haté.

Nganalisis naskah drama kalawan teleb, salian ti ngagunakeun pamarekan psikologi sastra panalungtik saméméhna ngagunakeun pamarekan struktural heula. Nurutkeun Isnendes (2018, kc. 74) strukturalisme nyaéta pamarekan kana karya sastra nu miboga sipat otonom. Struktur dina karya sastra nyaéta unsur-unsur anu ngawangun éta karya sastra, nyaéta penokohan atawa perwatékan, tema, galur, puseur carita, latar, jeung gaya basa. Nurutkeun Stanton (2012, kc. 20) struktur dibagi jadi tilu unsur, nyaéta téma, fakta carita (galur, tokoh, jeung latar) jeung sarana carita (puseur panitén, gaya basa, suasana, simbol, imaji, jeung judul).

Aya sawatara panalungtikan saméméhna anu ngaguar naskah drama ngagunakeun tiori strukturalisme jeung psikologi sastra, di antarana “Naskah Drama *Kalangkang* Karya Nazarudin Azhar: Tilikan Struktural jeung Psikologi Sastra” ku Muhammad Febri Diantoro (2018). “Naskah Drama *Manusa Jero Botol* Sudaran Rosyid É. Abby (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra)” ku Tina Wiarsih (2018). “Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra dina Naskah Drama *Sémah* Sudaran Rosyid É. Abby” ku Tubagus Panji Rahmat (2020). “Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik dina Naskah Drama *Tukang Asahan* Karya Wahyu Wibisana” ku Salma Fakhira (2021).

Panalungtikan ngeunaan psikologi sastra lolobana ngeunaan psikologi dina novél jeung sajak, pamarekan anu digunakeun dina naskah drama can loba anu

ngagunakeun pamarekan psikologi sastra. Dumasar kana tinimbangan, ieu panalungtikan ngeunaan analisis strukturalisme jeung psikologi sastra dina naskah drama “Dayeuh Simpé” Karya Lugiena De perlu dilaksanakeun. Saméméhna can kungsi aya panalungtikan nu ngaguar naskah drama “Dayeuh Simpé” Karya Lugiena De ngagunakeun ulikan psikologi sastra.

## **1.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kasang tukang masalah nu geus dipedar, tangtu kudu diwatesanan dina rumusan masalah, anu baris dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita drama dina naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De?
- 2) Kumaha struktur formal dina naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De?
- 3) Kumaha tilikan tokoh-tokoh naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De dina psikologi sastra Sigmund Freud?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan nu kabagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh aspék-aspék psikologi anu nyampak dina naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De, anu satuluyna hasil panalungtikan téh di pihareup bisa ngarojong pangaweruh dina widang sastra.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikkan miboga udagan pikeun ngadéskrripsikeun:

- 1) Struktur carita drama anu kapanggih dina naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De anu ngawengku téma, fakta carita (alur, tokoh, jeung latar) jeung sarana carita (puseur panitén, gaya basa, jeung judul).
- 2) Struktur formal dina naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De.

**An’nur Rifki Rustandi, 2022**

***ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA NASKAH DRAMA “DAYEUH SIMPÉ” KARYA LUGIENA DE***

**Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)**

- 3) Karakteristik tokoh dumasar kana pamarekan psikologi sastra anu aya dina naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Téoritis**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan sastra Sunda, utamana naskah drama “Dayeuh Simpé” karya Lugiena De, ogé bisa ngeuyeuban jeung ngalegaan panalungtikan ngeunaan basa Sunda katut bisa ngaronjatkeun minat baca masarakat sangkan bisa terus ngaaprésiasi karya sastra leuwih gemet deui.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis ieu panalungtikan dipihareup bisa méré mangpaat pikeun nambahan hasanah sastra Sunda sarta bisa dijadikeun bahan acuan kamekaran karya sastra Sunda.

## **1.5 Raraga Mikir**

Dina raraga tulisan baris dipedar ngeunaan struktur sistématika nulis skripsi, anapon di antarana:

Bab I Bubuka. Dina ieu bab ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan umum jeung tujuan khusus dina panalungtikan, mangpaat panalungtikan boh téoritis boh praktis, jeung raraga tinulis.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ieu bab anu diguar nyaéta ngeunaan naskah drama, tiori strukturalisme, tiori psikologi sastra, jeung tiori psikoanalisis kapribadian Sigmund Freud. Tiori nu digunakeun pikeun nganalisis luyu jeung kabutuhan sarta bisa ngadeskripsikeun dina hasil panalungtikan. Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, pasualan-pasualan anu jadi patalékan, sarta luyu jeung objek kajian panalungtikan.

Bab III Metode Panalungtikan. Dina ieu bab medar ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrument panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar hasil nu kapanggih dina panalungtikan, kalawan maké tiori-tiori anu geus ditangtukeun. Ieu pedaran hasil panalungtikan luyu jeung tujuan panalungtikan.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rekomendasi. Dina ieu bab medar ngeunaan kacindekan panalungtikan luyu jeung rumusan pasualan. Implikasi jeung rékomendasi méré saran pikeun panalungtikan saterusna sangkan leuwih mundel, écés pikeun kamekaran élmu pangaweruh, utamana élmu psikologi sastra anu masih kénéh dianggap anghéng (tabu), boh psikologi pangarana boh hasil karyana, ogé psikologi pamaca.